Республикадаги мусиқа ва санъат мактабларида таълим олаётган ўқувчилар республикамиз бўйича ўтказиб келинаётган дастурий кўрик танловларга, мунтазам равишда қатнашиб келмоқда ва ғолибликни қўлга киритишмоқда. Масалан, 2019 йили Нукус шаҳрида жойлашган 22-сонли болалар мусиқа ва санъат мактабининг "Айқулақ" болалар ўйин ансамбли Тошкент шаҳрида ўтказилган "Шарқ атир гули" номли Халқаро фестивалига қатнашиб "Гранпри" ғолиби бўлишди ва 2020 йил май ойида Испания давлатида бўлиб ўтадиган танловга йўлланмани қўлга киритди.

Ҳозир кунда кунда Қорақалпоғистон Республикаси Маданият вазирлиги тизимида 2 та ихтисослаштирилган маданият ва санъат мактаби, 1 та мактаб-интернати, 24 та болалар мусиқа ва санъат мактаблари ва 2 та олий ўқув юрти фаолият юритмоқда [5].

Қорақалпоқ ёш санъаткорлари овози бугунги кунда дунё саҳналари узра баралла янграмоқда. Ёқимли овоз, сеҳрли рақслар соҳиблари халқаро миқёсда ўтказилаётган кўрик-танловларда ғолибликни қўлга киритмоқда. Хусусан, 2018 йили Россия Федерациясининг Екатеринбург шаҳрида ўтказилган “Краски народов мира в проектах берега надежды” танловида фольклор йўналиши бўйича иштирок этган Муҳаммад Тўрабеков Гран-При ғолиби бўлди, мазкур йили Қозоғистон Республикаси Олмота шаҳрида бўлиб ўтган “Индиго” халқаро ижодий танлов-фестивалида Гулшинар Худайбергенова “Анъанавий ижро. Фольклор. Соло” номинасияси бўйича қатнашиб биринчиликни олишга эришди. Шунингдек, 2019 йили Нукус давлат педагогика институти талабаси Динара Нуратдинова Польша давлатининг Лодзь шаҳрида ўтказилган “Золотая лодка” IX халқаро ёш фольклор ижрочилар фестивалига қатнашиб Гран-При соҳиби бўлди. Бундан ташқари мазкур институтнинг яна бир талабаси Баҳадир Қуатбаев 2020 йилда Қозоғистон Республикаси Нур-Султан шаҳрида ўтказилган “Gloria” халқаро фестивалига қатнашиб юксак соврин Гран-Прини қўлга киритди. Мазкур йили, яна бир қорақалпоғистонлик ёш санъаткор Париж шаҳрида ўтказилган “PRO ART” халқар кўп жанрли танлов фестивалга қатнашиб “Фольклор вокал. Соло” номнацияси бўйича биринчиликни қўлга киритди. Буларнинг барчаси Қорақалпоғистонлик ёшларнинг мустақиллик йилларида ўз истеъдодларини баралла юзага чиқариб давлатимиз яратиб бераётган имкониятлардан самарали фойдаланаётганлигининг бир далилидир.

**Хулоса** ўрнида шуни айтиш мумкинки, бундай ютуқларнинг барчаси сўнги йилларида давлатимиз томонидан маданият ва санъат соҳасининг ривожланиши, ҳамда халқимизни маънавий томондан яна ҳам бойитиш, унга маданий хизмат кўрсатиш савиясини ошириш мақсадида амалга оширилаётган комплекс чора-тадбирларнинг самарасидир.

**Адабиётлар**


1. ҚР. Маданият вазирлиги жорий архиви. Маданият вазирлигининг 2017 йил ҳисоботи. 6-б.
2. Сейтназарова Т. Бердақ номидаги қорақалпоқ давлат академик мусиқали театрининг шаклланиш жараёнлари. // “Oriental and Culture” Scientific-Methodical Journal. Volume 4, Issue 1/ February 2023.
3. Қорақалпоқ ёш томошабинлар театри янги бинога эга бўлди. Ўзбекистон Республикаси ҳукумат портали. https://old.gov.uz/uz/news/view/18525
4. Бахиева Б. “Қўрқит ота” қорақалпоқ театрида. // «Маданият ва санъат», 2023, №2. 189-б.
5. Маданият вазирлиги жорий архиви. Қорақалпоғистон Республикаси Маданият вазирлиги ва унга қарашли муассасаларнинг 2017-2022 йиллар давомида амалга оширилган ишлари ҳисоботи. 5-б.



**РЕЗЮМЕ.** Мазкур илмий мақолада 2017-2023 йилларда Қорақалпоғистон Республикаси маданияти ва санъати соҳасидаги ютуқлар ҳақида айтилган.

**РЕЗЮМЕ.** В данной научной статье рассказывается о достижениях в области культуры и искусства Республики Каракалпакстан в 2017-2023 годах.

**SUMMARY.** This research article describes the achievements in the field of culture and art of the Republic of Karakalpakstan in 2017-2023.


## ЯНГИБАЙ ДОСУМОВТЫҢ ИЛИМИЙ МИЙРАСЫ


**Б.А.Кощанов –** *тарийх илимлериниң докторы, профессор*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**З.М.Абдуллаева –** *ассистент оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** Амударё бўлими, Тўрткўл уезди, Ўрта Осиё коммунистлик университети, Хоразм округи, Ўқитувчилар институти.

**Ключевые слова:** Амударьинский отдел, Турткульский уезд, Среднеазиатский коммунистический университет, Хорезмский округ, Институт учителей.

**Key words:** department of Amudarya , Turtkul county, Communist University of Central Asia, Khorezm district, Teacher’s Institute.


Тарийхтаныў илиминиң машқалалы мәселелеринен бири тарийхшы алымлар ҳәм олардың шығармаларының қунлылығын тереӊ үйрениў ислери менен белгиленеди. Тарийхшы алымлар мийнетлери ҳәм олардың өмир жолын изертлеў тарийх илиминиң әҳмийетли бағдарларының бири. Себеби, олар тәрепинен жаратылған шығармаларда үлкемиз тарийхының социал-экономикалық ҳәм мәдений турмысын жарытыўға айрықша итибар қаратылған болады. Соңғы жылларда Қарақалпақстан тарийхын изертлеўге өз өмирин арнаған тарийхшылардың өмир жолын ҳәм илимий мийнетлерин изертлеў барысында әмелий ислер әмелге әсырылмақта.

Халқымыздың XX әсирдиң биринши ярмындағы,

яғный бурынғы аўқам дәўириндеги қурамалы ҳәм машқалалы дәўирин изертлеўге өз өмириң бағышлаған пидайы алымлардың бири Янгибай Досумов болады. Ол 1905-жылы 15- июльде Әмиўдәрья бөлими Төрткүл уезди Хожаер аўылында дийқан Мухаммед Досумов шаңарағында туўылған. Жаслығында ата-анасынан айрылып, жетим өскен, бай адамлардың қой-малларын баққан [1]. 1916-жыл 25-июльде Хожаер аўылы халқының патша хүкиметиниң мәрдикарлық сиясатына қарсы қозғалаңын көзи менен көрген. Сондай ақ 1917-жылғы аўдарыспақ, Жунайыд ханның 1918-жылы Төрткүлге атланысынан жәбир көрген.

1919-1923-жыллары Янгибай Досумов Төрткүл балалар мехрибанлық үйинде тәрбияланды. Оның менен бирге оқыған дослары Қазақбай Аллабергенов, Жақсымурат Жаналиев, Пиримбет Төреев, Матяқуб Атажонов, Бекман Тәжиев, Даўлетияр Ешимбетов, Түркменбай Таўманов, Сабыр Қылычев, Оразымбет Дилманов, Оразымбет Халмуратов, Қаландар Адинаев, Исмайыл Сағыйтов ҳәм басқалар келешекте Қарақалпақстан мәмлекетлик ғайраткерлери, мәдeният, тәлим тараўында қәнигелер болып жетилисти [2].

Жетимлерге берилген жеңилликлерден пайдаланып, ол илимге қызығыўшылығы себепли 1923-1925-жыллары Ташкенттеги Орта Азия Коммунистлик Университетинде оқыйды. Бул жоқары оқыў орнын сол заманда Аллаяр Досназаров, Турдымурат Бекимбетов, Омар Булешов, Қаныбек Утепов, Аалы Токомбаев ҳәм басқалар питкерген. Соны да айтып өтиуимиз керек, үлкемизден 1920-1930-жыллары 37 адам Орта Азия Коммунистлик университетинде оқыды [3].

Я.Досумов 1926-1928-жылларда Хорезм округинде жаслар шөлкеминде ислейди. 1929-1931-жыллары Қарақалпақстан автономиялы областы Атқарыў комитети аппараты хаткери, Төрткүлдеги совет-партия мектебинде оқытыўшы болып иследи. 1931-1932-жыллары Орта Азия коммунистлик университетинде сабақ береди.

Я.Досумов 1932-1935-жыллары Москвадағы Миллетлердиң орайлық илим-изертлеў институты аспирантурасында оқыған. Оның менен бирге Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетов, Ж.А.Орынбаевлар оқыған. 1939-жылы Я.Досумов Москвадағы мәмлекетлик педагогикалық институт Илимий Кеңесинде "Орта Азия халықларының тарийхы (Қарақалпақстан мысалында)" деген темада тарийх илимлериниң кандидаты илимий дәрежесин алыў ушын диссертациясын қорғады [4]. Я.Досумов Қарақалпақстанда биринши рет тарийх илимлери кандидаты деген илимий дәрежеге миясар болды. Илимий басшысы Москва Мәмлекетлик педагогикалық институтының тарийх факультетиниң профессоры А.З.Ионисианиге Қарақалпақстан муғаллимлери институттың жәмәәти атынан алғыснама жиберилди. Я.Досумов кандидатлық диссертациясында халқымыздың ғалаба саўатсызлығын сапластырыў ҳәм жаңа мектеплер шөлкемлестириў тарийхын баян еткен. Мәдeният ҳәм ағартыўшылық тараўында жазылған илимий мийнет есапланады [5].

1935-жылы сентябрьден баслап Я.Досумов муғаллимлер институтының оқыў ислери бойынша директор орынбасары болып тастыйықланды. Соның менен бирге педагогика кафедрасына басшылық еткен. Муғаллимлер институты қурамында қарақалпақ тили ҳәм әдебияты, физика-математика бөлимлери шөлкемлестирилген. Институтта 12 муғаллим: Н.Дәўқараев, М.Г.Галикеев, О.Б.Булешов, М.А.Музаффаров, Т.Царегородцев, М.В.Щеглов, С.Б. Булатов, Д.Б.Базаров, А.Бегимов, Т.Бекимбетов, Р.Г.Тимашева, Ф.Д.Коганов сабақ берген [7].

1937-жылы Муғаллимлер институты дәслепки 27 питкериўшилерди таярлап шығарады: 15 қәнийге физика ҳәм математика бойынша, 12 қәнийге қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бойынша. 1938-1939-оқыў жылында 109 студент, 1940-жылы 178 студент тәлим алған. Муғаллимлер институты қысқа ўақыт ишинде (1934-1944) қарақалпақ тили ҳәм әдебияты бойынша 118, рус тили ҳәм әдебияты бойынша 67, физика ҳәм математика бойынша 80, тарийх бойынша 27 муғаллимди таярлап берген [8]. Я.Досумов Муғаллимлер Институтында тарийх кафедрасын шөлкемлестирди ҳәм оның баслығы болды. Я.Досумов 1940-1941-жыллары Қарақалпақстан халық тәлими комиссары болып ислеген. Қарақалпақстандағы баслаңғыш мектеплер саны 641 мың оқыўшыны қамтып алған ҳалда 73 ке көбейди, бул жерде 2 мыңнан артық оқытыўшы иследи. Оқытыўшылар институтында оқыўшылар саны 65 тен 125 ке көбейди, педтехникумда – 230 дан 350 ке, педрабфакта - 250 ден 270 ке, баслаңғыш мектеп оқытыўшыларын таярлаў курсларында - 100 ден 250 ге, оқытыўшыларды қайта таярлаў – 150 ден 200 ге көбейди. Жетиспеген жерлерди қаплаў ушын басқа республикалардан 150 қәниге мирәт етиў керек еди. 1941-жылғы халық дизимин алыў ўақтында республикада 74525 саўатсыз адам анықланды. 1940-1941-оқыў жылы ушын халық тәлими тараўына 41 млн рубль ажыратылды [9].

Екинши жәҳән урыс фронтларына Қарақалпақстанлы муғаллимлердиң 2300 адамынан 1000 адамы қатнасқан. Қарақалпақстан халық тәлими комиссары Я.Досумов урыстың биринши күнлеринен баслап фронтта болған. Оның кәсиплеслери Н.А.Асфандияров, М.Г.Галикеев, С.Б.Булатов, Д.Б.Базаров, Ф.Д.Кочанов, Т.Бекимбетов, М.Турсунов, студентлери А.Б.Бекбасов, С.К.Камалов, А.Нурманов, А.Панабергенов, Р.Сапаров ҳәм басқалар 1941-1945-жыллары екинши жәҳән урысына қатнасты. Янгибай Досумов урыс жыллары Батыс фронтта артиллерия полки батареясы комиссары болған. Я.Досумов «Ҳүрмет белгиси» ордени, «Германия үстинен жеңис ушын», «1941-1945-жылларда Уллы Ўатандарлық урыстағы пидайы мийнети ушын», «Пидайы мийнети ушын медаллары менен хошаметленген [10].

Екинши жәҳән урысы жуўмақланғаннан соң Я.Досумов 1945-1949-жыллары Қарақалпақстан халық тәлими комиссары жумысын даўам еткен. Мектеплерде үлгериўшилик бойынша 5 баллық система енгизилди, орта мектеплер питкериўшилерине аттестат бериле баслады, айрықша оқығанлар гүмис ҳәм алтын медаллар менен сыйлықланды. 1946-1947-оқыў жылында халық тәлими тараўы ушын 52 млн рубль қаржы ажыратылды. Соның менен бирге колхозлар ҳәм жәмәәтшилик күши менен 11 мектеп қурылысы питкерилди. Мектеплерде оқыўшы қызлардың саны 32 мыңға жетти. Жети жыллық оқыўдан он жыллыққа өте баслады. 70 мыңнан аслам оқыўшылар 500-ден аслам мектеплерде оқытыла баслады. Нөкис қаласына көшип

келген педагогикалық институтта 300 ден аслам студент оқыды. Кегейлиде қызлар педагогика училищеси, Нөкисте финанс ҳәм аўыл хожалық техникумлары ислеп турды. Қарақалпақстан мектеплериндеги 1643 муғаллимниң 795 и жоқары оқыў орнын питкерген еди.

1947-жылы Өзбекстан Илимлер Академиясы қурамында Қарақалпақстан экономика ҳәм мәдeният илимий-изертлеў институты дүзилген еди. Янгибай Досумов 1949-1959-жыллары усы институтта тарийх бөлими баслығы болып исследи. Бул дәўирде тарийх илиминде "Хийўа ханлығы қурамындағы қарақалпақлар", "Қарақалпақстанның Россияға қосылыўы", "1916-жылғы халық қозғалаңлары", "Орта Азияда 1917-жылғы Октябрь революциясы" темалары заманагөй темалар қатарына кирер еди. Янгибай Досумов 1917-1927-жыллар тарийхы менен шуғыллана баслады. 1952-жылы Өзбекстан Илимлер Академиясы Президиумы «Өзбекстан халықлары тарийхын» таярлаў ҳаққында қарар қабыл етип, авторлар жәмәәтине Я.М.Досумов, С.К.Камалов, У.Х.Шалекенов, Р.Қосбергенов, А.Бекимбетовлерди киргизди [11].

1956-жылы 5-октябрьде Өзбекстан Илимлер Академиясы улыўма жыйналысында белгили тарийхшылар тарийх илимлериниң докторлары Яхья Гулямов ҳәм Мухамеджан Юлдашевлар менен бирге тарийх илимлериниң кандидаты Янгибай Досумов Өзбекстан Илимлер Академиясы хабаршы-ағзалығына сайланды. Бул илим тарийхында биринши болып өткен ўақыя еди, себеби Илимлер Академиясы уставы бойынша илим докторы сайланыўы керек еди. Деген менен, Өзбекстан Компартиясы Орайлық Комитети биринши хаткери Нуритдин Мухитдинов жоқарыдан араласып, Қарақалпақстан ўәкили Янгибай Досумовқа үлкен исеним билдирди.

1957-жылы Я.Досумов «Қарақалпақстанда Уллы Октябрь социалистлик революциясы жеңиси" атамасында қарақалпақ ҳәм рус тиллеринде монографиясын баспадан шығарады. Онлаған жыллар даўамында Москва, Ташкент, Алматы архивлеринде ислеп, тарийхый әдебиятларды талқын қылып, заманласлары ҳәм өзиниң жеке еске түсириўлерин пайдаланып, Янгибай Досумов тарийх илиминде жаңа бағдарды ашты. Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими китапханасы қол жазбалар фондында Янгибай Досумовтың 1873-1970-жылларға тийисли жыйнаған архив ҳүжжетлери сақланбақта ҳәм ҳәзирги дәўирде де хызмет етпекте. Соны да айтып өтиўимиз керек, 1950-жыллардың ақырында Я.Досумов пенен биргеликте түркмен алымлары академиклер Ш.Ташлиев, Г.Непесов, К.Мухамедбердиевлерде 1917-1920-жыллар тарийхы бойынша жемисли жумыс иследи ҳәм салмақлы үлес қосты.

1959-жылы 25-июльде Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан филиалы шөлкемлестирилип, оның қурамында тарийх, тил ҳәм әдебият институты дүзилди. 1959-1964-жыллары Янгибай Досумов усы институтқа басшылық етти. Янгибай Досумов Қарақалпақстанда биринши тарийх илимлериниң докторы есапланады. Ол 1961-жылы академик И.К.Додонов илимий басшылығында «Қарақалпақстан АССР тарийхы (1917-1927)» темасында Ташкентте докторлық диссертация қорғады. 1965-жылы профессор илимий атағын алды. Усы жылы оған Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен илим ҳәм техника ғайраткери атағы берилди [12].

Я.Досумов басшылығында үлкемиз тарийхында биринши рет «Әййемги дәўирден 1963-жылға шекемги Қарақалпақстан тарийхы очерклери» еки томлық китабы рус тилинде таярланды. 1958-1970-жыллары Москва ҳәм Ташкентте баспадан шыққан "СССРда пуқаралық урыс тарийхы", "Өзбекстанда пуқаралық урыс тарийхы" фундаментал китапларына Қарақалпақстан бойынша баплар жазып берди, усы жыллары баспадан шыққан "Өзбекстан тарийхы" фундаментал китапларының редакция жәмәәти ағзасы ҳәм авторларының бири сыпатында салмақлы үлес қосты.

1964-жылдан өмириниң ақырына шекем (1973 ж.) Я.Досумов Өзбекстан Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Нәжим Дәўқараев атындағы тарийх, тил ҳәм әдебият институты совет тарийхы секторын басқарды, Алпысбай Төреев, Пашша Муратова, Узақбай Қалниязов, Қыпшақбай Аметов, Ысақ Елмуратов, Жуманазар Уббиниязов ҳәм тағы басқа шәкиртлерин тарийх илимлериниң кандидаты қылып таярлады [13].

Жуўмақлап айтқанда, ХХ әсир басындағы, аўқам дәўириндеги Қарақалпақстан тарийхындағы мәмлекетшилик, сиясий, социал-экономикалық тараўларды бүгинги күн көзқарасынан қайтадан сын караста үйрениў дәўир талабы болып есапланады. Сол дәўирдеги коммунистик идеология басымы нәтийжесинде жаратылған тарийх илими тараўындағы жүзекиликлер барған сайын жүзеге шықпақта. Соның ушын бул дәўирдеги тарийхшы алымлардың мийнетлерин сын көзқараста үйрениў ҳәм ҳақыйқый тарийхты келешек аўладқа жеткерип бериў бүгинги күнде тарийх илими алдындағы баслы ўазыйпалардан бири есапланады. Бул бағдарда елимиздиң биринши тарийхшы алымы, тарийх илимлери докторы, профессор Я.Досумов илимий мийнетлерин ҳәм қол жазбаларын тереӊ изертлеў әҳмийетли бағдарлардан бири болып табылады.

**Әдебиятлар**


1. Досумов Я.М. (1905-1973) // Общественные науки в Узбекистане. 1973. № 10.
2. Дўсумов Я.М. Ўзбекистон миллий энциклопедияси. –Тошкент: «Ўзбекистон миллий энциклопедия». 2002. – Т. 3. 402-б.
3. Просвещение национальностей: – Москва: // Общественно-политический и научно-педагогический ежемесячник: учебно-педагогическое изд-во: 1931. № 3. – С. 27.
4. Төреев А., Досумов Я. Я.М.Досумовтың өмири ҳәм оның тарийх илимин раўажландырыўға қосқан үлеси. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1983. 34-б.
5. Утепов К. Великий Октябрь и развитие исторической науки в Каракалпакии. – Нукус: «Каракалпакстан», 1988.
6. Мухитдинов Н. Годы, проведенные в Кремле. Воспоминания. – Ташкент: 1994.

7. Библиографические очерки о деятелях общественных наук Узбекистана. Составитель Б.В.Лунин. –Ташкент: «Фан», 1976.
8. Очерки истории Каракалпакской АССР. –Ташкент: «Наука». 1964. Т.2.
9. Каракалпакия в период победы социализма и коммунистического строительства. – Ташкент: «Фан», 1969.
10. Осуществление Ленинской программы построения социализма в Каракалпакии. –Ташкент: «Фан», 1971.
11. История Каракалпакской АССР. –Т. 2. От победы Великой Октябрьской социалистической революции до наших дней. – Ташкент. «Фан», 1974
12. Досумов Я.М. Каракалпакия в годы гражданской войны. 1918-1920 гг. –Нукус: «Каракалпакстан», 1975.
13. Қощанов Б.А. Қарақалпақстан тарийхнамасы. – Нөкис: «Билим», 2015.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада Я.Досумовнинг хаёти ва шунингдек, Қорақалпоғистонда илм-фаннинг ривожланишиги қўшган хиссаси ҳақида сўз боради.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассматривается жизнь, а так же вклад Я.Досумова в развитие науки в Каракалпакстане

**SUMMARY.** This article talks about Ya. Dosumov's life and his contribution to the development of science in Karakalpakstan.

## ҒӘРЕЗСИЗЛИК ЖЫЛЛАРЫНДА МӘМЛЕКЕТИМИЗДЕ АГРАР ТАРАЎЫНДАҒЫ КАДРЛАР ТАЯРЛАЎ МӘСЕЛЕСИ (1991-2020)

**Г.Е.Төрениязова –** *ассистент оқытыўшы*

*Қарақалпақстан аўыл хожалығы ҳәм агротехнологиялар институты*

**Таянч сўзлар:** реформа, инновацион, технология, филиал, ресурс, фундамент, ирригация, мелиорация, институт.

**Ключевые слова:** реформа, инновационный, технология, филиал, ресурс, фундамент, ирригация, мелиорация, институт.

**Key words:** reform, innovative, technology, branch, resource, foundation, irrigation, melioration, institute.

**Кирисиў.** Ғәрезсизлик дәўиринде Өзбекстанның аўыл хожалығы тараўы әҳмийетли экономикалық тараўлардан бири болып, мәмлекеттиң азық-аўқат қәўипсизлигин тәмийинлеў, экономикалық турақлылықты сақлаў ҳәм социаллық раўажланыўға үлес қосыў бойынша өзиниң айрықша орнына ийе. Бирақ, бул тараўда нәтийжели жумыс алып барыў ушын жоқары маманлыққа ийе ҳәм тәжирийбели кадрлар таярлаў жүдә әҳмийетли әҳмийетке ийе. Соның ушын, 1991-жылы ғарезсизликке ерискенимизден соң, Өзбекстан ҳүкимети аўыл хожалығы тараўында кадрларды таярлаў системасын реформа қылыўға үлкен итибар қаратты.

1992-жылы Өзбекстан Республикасы Президентиниң "Аўыл хожалығы тараўын раўажландырыў илажлары ҳаққында"ғы қарары қабыл етилди, бул қарар аўыл хожалығы тараўындағы кадрлар таярлаўды жетилистириўге қаратылған дәслепки ҳүжжетлерден бири болды. Атап айтқанда, аўыл хожалығы тараўында жаңа билимлерге ийе қәнигелерди таярлаў ушын оқыў бағдарламалары ҳәм методикалар жаңаланып барылды [1].

Буннан тысқары, аўыл хожалығы қәнигелерин таярлаўда әмелиятлар ҳәм илимий изертлеўлерге тийкарланған усыллар қолланылды. Мәмлекетимизде жас қәнигелерди таярлаў ҳәм оларды аўыл хожалығы тараўында жумыс пенен тәмийинлеў мәселелерине айрықша итибар қаратылды. Өзбекстанның жоқары оқыў орынларында, соның ишинде, Ташкент мәмлекетлик аграр университети филиалларында миллий бағдарламада белгиленген ўазыйпаларды орынлаў, жоқары билимлендириў мекемелерине талантлы ҳәм зийрек жасларды таңлап алыў ҳәм ҳәзирги заман талапларына жуўап беретуғын жоқарғы маманлықтағы қәнигелерди таярлаў бойынша өзиниң илимий ҳәм әмелий жумысларын алып барды.

**Тийкарғы бөлим.** Өзбекстан Республикасында аўыл хожалығы тараўында кадрлар таярлаўдың нәтийжелилиги ҳәм нәтийжелери турақлы түрде талқыланып турылды. 2000-жыллардың орталарынан баслап, аўыл хожалығы тараўындағы оқыў орынларына кириў дәрежеси артты ҳәм бул тараўдағы қәнигелер саны көбейди.

Соңғы жылларда аўыл хожалығы бойынша таярланған қәнигелер бир қатар инновацион технологияларды ендириў, суў ресурсларын басқарыў ҳәм экологиялық мәселелер бойынша оқытылды. Усы тараўларда кадрларды таярлаў дәрежеси сезилерли дәрежеде жақсыланды. Сондай-ақ, киши ҳәм орта фермер хожалықларын раўажландырыў ушын билимли кадрларды таярлаўды күшейтиў мақсетинде жергиликли басқарыў уйымлары ҳәм фермерлер ушын арнаўлы курслар шөлкемлестирилди.

Мәмлекетимизде ғәрезсизлик жыллардың дәслепки күнлеринен баслап-ақ билимлендириў тараўына үлкен итибар берилип баслады. Өзбекстан Республикасы биринши Президенти И.А.Каримов 1997-жыл 29-августтағы Олий Мажлистиң тоғызыншы сессиясында «ҳәр бир мәмлекет ҳәр бир миллет өзиниң тәбийий байлықлары, ислеп шығыў тараўы, сондай-ақ әўладлардың тәлим-тәрбиясы мәмлекетимиздиң ең үстин ўазыйпалардан есапланады» деген еди.

Өзбекистан Республикасы Ғәрезсизликке ерискеннен кейин жоқары билимлендириў менен биргеликте аграр тәлим тараўына да үлкен итибар қаратты. 1992-жылы Аграр жоқары оқыў орынлары Өзбекстан Республикасы Аўыл хожалық ҳәм Суў хожалығы министрлиги қурамына өткерилди, соң оқыў барысында тәрбиялық ҳәм илимий ислерди шөлкемлестириў ҳәм байланысларды орнатыўға кең ҳуқық ҳәм имканиятлар берилди. Кадрлар таярлаў миллий дәстүри тийкарында аўыл хожалығында жоқарғы билимлендириў, басқа билим тараўлары киби, жокары мағлыўматқа